

# Fanm Ayiti fòs chanjman, motè pou devlopman

Junia Barreau et Samuel Pierre

**D**aprè estimasyon ofisyèl pou an e 2010 la [1], apeprè 50,5 % popilasyon Ayiti a se fanm. Sa fè yon total 5 091 483 fanm ak fi nan peyi a. Pami yo, genyen 65 % ki gen 30-an pou pi piti epi 35 % genyen pi piti pase 15-an. Pyès moun pa kab planifye devlopman sosyo-ekonomik Ayiti epi travay pou pogrè sosyete Ayiti a san yo pa mete ladan tout rès mwaye popilasyon an.

Tout moun Ayiti dakò pou yo di fanm Ayiti se potomitan amoni nan mitan yon fanmi. Lè nou retire fonksyon manman an, ki pafwa vrèman itil nan mitan fanmi an, fanm yo trè aktif nan sosyete a. Yo travay, ekzèse pwofesyon liberal yo, rive nan pi gwo nivo fonksyon piblik la, yo nan pòs minis; yo se antreprenè, bankye, anseyan, ekriyen, atis; yo poze kandidati yo, yo vin chèf pati politik. Te menm genyen yon fanm ki te prezidan Ayiti nan ane 1990, pa te gen eleksyon, se vre, men sa te pèmèt peyi Ayiti pran devan anpil sosyete oksidantal nan kalite kous sa a; jouk jounen jodi a, Etazini ap tann pou li genyen yon prezidan fanm pou yon premye fwa nan istwa li. Nan peyi endistriyalize yo, gen anpil fanm Ayiti ki benefisye nan pogrè aksyon feminis yo pote, ki se rezilta pwomosyon dwa moun sou plan inivèsèl depi nan finisman Dezyèm Gè mondyal la. Mouvmman feminis Ayiti a rantre nan mouvmman global emansipasyon fanm ki te devlope nan tout peyi oksidantal yo.

Nan mitan mouvmman leve-kanpe ki te genyen apre ane 1986 la, mouvmman feminis Ayiti a vin pran fòs epi li pran plas li nan plizyè sektè [2]. Sepandan, gwoup fanm Ayiti, ki kab jwi tout dwa yo, reprezante yon minorite pami tout fanm ki genyen nan peyi a, ki se senk milyon. Fanm sa yo, jeneralman, soti nan lelit peyi a. Anplis, nan espas kote gen desizyon ki pou pran nan peyi a, pa gen anpil fanm, nou kab di yo pa la ditou. Konsa, laviktwa fanm yo ranpòte nan kèk pami divès batay yo antreprann, pa ase pou fè disparèt tout chemen ki rete pou fèt, tout bon vre, an Ayiti nan domèn dwa ak libète pou fanm yo ansanm ak libète pou yo kwè epi wè tèt yo byen lwen chema tradisyonèl yo, kote

fanm yo sou lobedyans gason. Kalite pèsepsyon sa a, se yon lide ki tabli an pwofondè nan sosyete Ayiti a.

## BATAY FANM YO : YON BATAY INIVÈSÈL

An Ayiti, sitistasyon fanm yo pa pi mal, sou plan dwa yo pase jan sa ye nan lòt peyi, kote yo kontinye konsidere fanm yo tankou « timoun » (minè) jouk jounen jodi a. Anfèt, batay pou fini ak koze mete fanm aleka nan gwo espas kote yo ap pran desizyon nan sosyete a poko prèt pou li fini nan anpil peyi oksidantal. Nan Kanada ak Etazini, mouvmman feminis yo ap goumen san pran souf pou fanm yo touche menm kantite lajan ak gason pou yon menm travay epi pou yo jwenn yon pi bon plas nan espas kote gen desizyon ki ap pran nan Leta ak nan antrepriz yo. Se nan ane 2009, yo te vote premye lwa pou fanm yo te touche menm kantite lajan ak gason nan peyi Etazini. Nan Kebèk, te gen anpil presyon ki te fèt nan yon lwa ki te parèt nan ane 2009, pou fòse anpil antrepriz aplike lwa sou egalite nan salè ki te vote depi nan ane 1996. Ekite nan domèn salè a se pou pèmèt fanm gen menm kantite lajan ak gason pou yon travay egal oubyen ekivalan. Entansyon ki te dèyè lwa sou ekite oubyen parite salè a, se te pou fini ak yon gwo enjistis kont fanm yo ki te genyen yon salè 25 rive 30 % pi piti parapò ak salè yon gason pou yon menm travay.

Malgre tout pogrè ki fèt epi tout sa ki reyalize, fanm yo kontinye ap sibi tout kalite vyolans ak diskriminasyon. Ekzanp, nan Inyon ewopeyen an, gen yon atansyon espesyal sou vyolans fanm yo ap sibi; lè tout kalite vyolans fizik, vèbal, ekonomik epi sikolojik mete ansanm, se rapidman nou kab wè genyen 45 % fanm yo ki viktim nan peyi ki manm Inyon ewopeyen an. [3]. Tout sa, se pou nou konprann batay pou respè dwa moun, ansanm ak dwa epi libète fanm yo, rantre definitivman nan aksyon pou yon tan byen long, se menm bagay la tou pou peyi

devlope yo. Se responsablite òganizasyon sosyete sivil yo, mouvman fanm yo epi Leta pou yo toujou rete vijilan.

Nan peyi sou devlope yo, fanm yo viktim de fwa. Yo ap soufri akòz kondisyon lavi ki toujou difisil nan peyi sou devlope yo epi genyen diskriminasyon sosyal ki selon yon moun se yon fanm oubyen yon gason. An Ayiti, povrete frape apeprè 80 % moun nan popilasyon an, epi se plis fanm yo ki nan kategori moun ki pi pòv nan peyi a. Tranbleman tè 2010 la, degradasyon kondisyon ekonomik yo an Ayiti rann fanm yo pi frajil. Menm lè fanm ak gason ap viv nan kondisyon trè difisil an Ayiti, povrete ak vyolans se plis sityasyon fanm yo pase gason yo. Anplis, gen anpil fanm an Ayiti ki gen responsablite fanmi an sou do yo sèl grenn. Papa pitit ki pa la yo epi ki pa pran responsablite yo se yon sityasyon ki parèt twò souvan nan sosyete Ayiti a. Lè a rive pou nou fè tout moun sonje, lwa sou responsablite papa yo Lachanm vote a pèdi, li rantre byen fon nan tiwa ensousyans ak irresponsablite pouwva ekzekitif Ayiti a depi avril 2012. Ki sa ki pral pase nan yon sosyete ki ap ankouraje papa pitit abandone pwòp pitit yo? Ki sa yon gason vo, lè li pa rive pran responsablite li kòm papa?

## EKZIJANS POU TRANSFÒMASYON SOSYAL AN PWOFOONDÈ

Respè pou dwa fanm yo nan yon sosyete dwe mache obligatwaman ak yon transfòmasyon an pwofondè nan sosyete a, epi Ayiti pa kab pase akote kalite transfòmasyon sa yo. Sa fè twò lontan depi sosyete Ayiti a ap fonksyone avèk yon patipri pou gason nan move ajisman yo ak fanm ansanm ak yon sanblan lajistis kote gason yo viktim menm jan ak fanm yo. Pyès moun pa kab genyen garanti lalwa nan yon peyi kote pyès moun pa gen dwa. Devlopman sosyete Ayiti a nan direksyon yon sosyete ki respekte dwa moun, se yon kondisyon obligatwa pou avansman dwa fanm yo ki vin pi plis chak jou nan gwoup moun ki pi defavorize yo. Batay pou respè dwa fanm yo rantre definitivman nan batay pou etablisman yon Leta ki respekte dwa moun epi pou yon sosyete ki pi jis ka kòmanse parèt tèt li.

Pa janm genyen tout òganizasyon feminis sa yo an Ayiti [4]. Militan fanm yo angaje chak jou pi plis nan batay manch long pou yo revize tèks lalwa peyi Ayiti ki gen diskriminasyon kont fanm epi fè tout sa yo kapab pou genyen plis fanm sou sèn politik la. Nan menm moman an, rezistans kont mouvman

fanm yo, lakay gason yo tankou lakay fanm yo, toujou rete dyanm nan popilasyon an. Mesye yo toujou pi kòryas nan yon sistèm kote lalwa avèg sou move aksyon yo. Kondisyonman sosyal yo devlope nan yon pwen, kote menm fanm yo kont aksyon ki pou pèmèt yo genyen plis dwa. Kalite sityasyon sa a parèt nan anpil lòt peyi anvan Ayiti. Ekzanp, nan Kebèk gen fanm ki te leve kanpe kont batay pou yo genyen dwa pou yo vote nan epòk kote ki te genyen gwo deba nan sosyete a sou kesyon vote a ak sou elijibilite fanm yo. Òganizasyon fanm yo ka jwenn enkonpreyansyon jenn gason ayisyen yo nan yon milye kote pa gen anpil opòtinite pou jenn fi ak jenn gason; nan yon gwo pwopòsyon jenn fi kou jenn gason pa gen travay.

Anpil nan reklamasyon òganizasyon fanm yo sanble, sou yon plan jeneral, ak sa tout popilas la ta bezwen. Mouvman fanm yo, pandan li ap siveye byennèt fanm yo nan sosyete a, ta dwe an menm tan siveye pwoblèm nasyonal yo ki konsène gason yo kou fanm yo. Mouvman fanm yo dwe konsantre li sou sa ki jeneral tankou sou ki patikilye. Poudayè, se yon fason espesyal pou yo angaje mesye yo nan defans dwa fanm yo. Lè gen anpil gason ki ap pran lapawòl nan enterè fanm yo, se teren an ki ap prepare pou fanm ak gason soti nan konfwontasyon epi chita ansanm pou yon dialòg sosyal. Nou dwe konprann batay fanm ap mennen yo mache ak defi sosyal ki konsène sosyete a an jeneral, dayè sosyete a, apati ledikasyon pami lòt mwayen, va rive transmèt bay jenerasyon ki ap vini yon prensip egalite pou fi ak gason. Fanm yo, nan batay yo, dwe patisipe nan transfòmasyon sosyal epi ekonomik ki swetab pou yon Ayiti pi jis pou tout moun epi ki kab pwospere. Pogrè ka libere fanm kou gason. ■

## BIBLIYOGRAFI

- 1 INSTITUT HAÏTIEN DE STATISTIQUE ET D'INFORMATIQUE. *Estimation et projection de la population totale urbaine et rurale et économiquement active*, [En ligne], [http://www.ihsi.ht/pdf/projection/ProjectionsPopulation\\_Haiti\\_2007.pdf](http://www.ihsi.ht/pdf/projection/ProjectionsPopulation_Haiti_2007.pdf).
- 2 JOACHIM, Marie Frantz. « Quand fleurissent les lilas. Acquis et questionnements autour de 25 ans de lutte de femmes », *Alterpresse*, [En ligne], <http://www.alterpresse.org/spip.php?article13878#.UmZzKfk99ds>.
- 3 GABAY, Florence. « Comment l'Union européenne peut lutter contre la violence faite aux femmes », *Le Nouvel Observateur, Le Plus*, [En ligne], <http://leplus.nouvelobs.com/contribution/339010-comment-l-union-europeenne-peut-lutter-contre-la-violence-faite-aux-femmes.html>.
- 4 DÉCIME, Edner Fils. « Plusieurs organisations de femmes dressent un bilan de leur lutte et renouvellent leurs revendications spécifiques », *Alterpresse*, [En ligne], [http://www.alterpresse.org/spip.php?article14403#.UmXnC\\_k99ds](http://www.alterpresse.org/spip.php?article14403#.UmXnC_k99ds).